# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क चउथा फेरा बदे जहवां नामांकन पत्रन क जांचि क कार पूरा हो गइल हौ ओहीं पांचवां फेरा बदे नामांकन चलि रहल हौ। चउथा फेरा में शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच सीटिन बदे कुलि दुइ सौ बीस ओम्मेदवार आपन नामांकन कइले हवें। नामांकन पत्रन क जांचि में एक सौ अड़तीस ओम्मेदवारन क नामांकन पत्र वैध पावल गइल। बयासी ओम्मेदवारन क परचा खारिज कै दिहल गइल हौ। ओन्तीस अपरैल के नांव वापसी क दिन्ने ई साफ होइ कि येह फेरा में चुनाव मैदान में कुलि केतना ओम्मेदवारन के बिच्चे मोकाबिला हौ। येह सीटिनि बदे ओट तेरह मई के होइ। प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीव रिणवा बतवलें कि लोकसभा निर्वाचन के तीथियन क घोषणा के साथे प्रदेस में स्वतंत्र, निस्पक्ष, सान्तिपूर्ण, भयमुक्त, प्रलोभन मुक्त अउर सुरक्षित ओट करावे क कार चलि रहल हौ। उहां के कहलीं कि लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र में हर ओम्मेदवार खातिर खरचा कइले क अधिकतम सीमा पंनचानबे लाख रूपिया अउर उपनिर्वाचन क्षेत्र में ओम्मेदवारन खातिर खरचा कइले क अधिकतम सीमा चालीस लाख रूपया निर्धारित हौं।

ओहर, पचवां फेरा बदे प्रदेस क चउदह संसदीय सीटिनि अउर लखनऊ पूर्व विधानसभा उप चुनाव खातिर परचा भरले क आजु दूसरा दिन हौ। तीन मई परचा भरले क आखिरी तारीख हौ। चार मई के परचन क जांचि होई अउर छौ मई के नांव वापसी होई। पांचवा फेरा में सामिल–मोहनलालगंज, लखनऊ, रायबरेली, अमेठी, जालौन, झांसी, हमीरपुर, बान्दा, फतेहपुर, कौशाम्बी, बाराबंकी, फैजाबाद, कैसरगंज अउर गोण्डा सीटिन बदे बीस मई के ओट परी। येह फेरा में दुइ करोड़ सत्तर लाख मतदाता हवें।

**********

लोकसभा चुनाव क तिसरा फेरा बदे परचार अभियान तेज हो गइल हौ। कई गो राजनीतिक दल क सीनियर नेता जनसभा के साथे–साथ रैलियन के जरिया से दल क ओम्मेदवारन के पक्ष में मतदान क अपीलि कइ रहल हवें। येही क्रम में हाथरस जिला क कसबा सिकंद्राराऊ में भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के पहिला दुइ फेरा में पारटी के मिलल समरथन पर संतोस जतवलीं अउर मोदी सरकार के कार्यकाल क सराहना करत कहलीं कि येह दस बरिस में दुनिया में भारत क सम्मान बढ़ल हौ। सीमा सुरक्षित भइलि हइनि, आतंकवाद अउर नक्सलवाद खतम भइल हौ। चारो ओरि विकास क दुआरि खुलल हौ। उहां के कहलीं कि एक जिला एक उत्पाद के जरिया से लोकल उत्पादकन के पहिचान मिलि रहलि हौ। हाथरस के हींग क महंकि आजु चारो ओरि फइल रहलि हौ। ओहर, समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव कन्नौज में कार्यकरता लोगिन के सम्बोधित कइले के सथहीं रोड–सो के जरिया से पारटी के पक्ष में मतदान क अपीलि कइलें। अखिलेश यादव कन्नौज लोकसभा सीटि से चुनाव लड़ि रहल हवें।

**********

सैक्षणिक अउर अनुसंधान सम्बन्धी गतिविधियन के बढ़ावा देवे बदे गोरखपुर क महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय अउर इंदिरा गांधी राष्ट्रीय जनजातीय विश्वविद्यालय अमर कंटक मध्य प्रदेस के बिच्चे आजु समझौता ज्ञापन क आदान–प्रदान भइल। समझौता पर दस्खति महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय क कुलसचिव डॉक्टर प्रदीप कुमार राव अउर इंदिरा गांधी राष्ट्रीय जनजातीय विश्वविद्यालय क कुलसचिव प्रोफेसर एन.एस. हरी नारायण मूर्थि कइलें। येह समझौता में सहजोग क प्रमुख क्षेत्रन में फार्मेसी, पैरामेडिकल, नर्सिंग, योग अउर जैव प्रौद्योगिकी सामिल हौ। दुन्नो संस्थानन की ओरि से येह बिसयन पर अनुसंधान अउर सैक्षणिक गतिविधियन के आदान–प्रदान के सथहीं वर्तमान अउर भविस्य क जरूरति के पूरा करे, कौसल के बढ़ावा देवे बदे क्षमता विकास अउर विनिमय कार्यक्रम के आगे बढ़ावल जाई। एकरे अलावा दुन्नो संस्थानन क लक्ष्य सैक्षिक साझेदारी के जरिया से संयुक्त अनुसंधान अउर विकास परियोजनन के विकसित अउर कार्यान्वित कइल हौ।

**********

लोकसभा चुनाव में जियादा से जियादा मतदान खातिर प्रदेस क कई गो जिलन में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम चलावल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु बनारस में स्कूली लइके मानव श्रृंखला बना के लोगिन के ओटे खातिर प्रेरित कइलें। ई मानव श्रृंखला अतुलानन्द स्कूल से सर्किट हाउस ले बनावल गइल, जेकर आयोजन बेसिक सिक्षा विभाग कइलस। ओहीं बनारस क जिलाधिकारी एस राजलिंगम अउर मुख्य विकास अधिकारी हिमाशुं नागपाल गैस सिलेंण्डरन पर चपकल मतदाता जागरूकता से जुड़ल सनेसा वाले गाड़ियन के हरियर झण्डी देखा के रवाना कइलें। चित्रकूट में कइ गो स्कूलन में रंगोली, मेंहदी, पोस्टर, भासण, निबंध अउर नुक्कड़ नाटक जइसन प्रतियोगिता क आयोजन कइ के मतदान खातिर जागरूक कइल गइल। येही कड़ी में बदायूं क कलेक्ट्रेट परिसर से मैराथन क आयोजन कइल गइल, जेके नगर मजिस्ट्रेट अरूण कुमार हरियर झण्डी देखा के रवाना कइलें। मैराथन दौड़ कलेक्ट्रेट परिसर से सुरू हो के जेल तिराहा, पुलिस लाइन चौराहा, इन्दिरा चौक, गांधी मैदान चौराहा, लावेला चौक होत राजकीय इण्टर कॉलेज में खतम भइल, जहवां सज्जो लोगिन के मतदान क सपथ दियावल गइल।

**********